

# Deklarasyon Dwa Kliyan Konsènan Pwofesyonèl ki Prepare Taks yo

Dapre lalwa, pwofesyonèl ki prepare taks yo dwe ba ou yon kopi dokiman sa a anvan ou kòmanse nenpòt diskisyon sou sèvis preparasyon taks.

## Ou gen dwa pou konnen:

- **Idantifikasyon ak kalifikasyon pwofesyonèl ki prepare taks la.** Pwofesyonèl ki prepare taks yo dwe gen yon ansèy ki endike kalifikasyon enpòtan yo. (Remak: Avoka, Kontab Piblik Sètifye (CPA yo), avèk Ajan ki enskri nan Sèvis Revni Entèn (IRS) pa gen pou yo afiche ansèy sa a.)
- **Frè ak frè siplemantè yo.** Pwofesyonèl ki prepare taks yo dwe gen yon ansèy ki endike sèvis preparasyon taks yo ak frè yo reklame a.
- **Opsyon ou pou peye pou sèvis la ak resevwa ranbousman ou.** Pwofesyonèl ki prepare taks yo dwe sèvi ak Chèk Peman Anvan Ranbousman (Refund Anticipation Checks, RAC), Prè Anvan Peman Ranbousman (Refund Anticipation Loans, RAL), Transfè Peman Ranbousman, oswa lòt kalite pwodwi konsa. Kapab gen frè siplemantè pou opsyon sa yo, epi yo ka ogmante frè pou preparasyon taks la, ak/oswa fè li pran plis tan pou ou jwen n ranbousman ou.
- **Kit pwofesyonèl ki prepare taks la ap reprezante oswa p ap reprezante ou nan yon odit gouvènman an.** Pwofesyonèl ki prepare taks ki pa mete yon ansèy ki endike li p ap reprezante ou nan yon odit dwe reprezante ou oswa ba ou reprezantasyon an.
- **Kit pwofesyonèl ki prepare taks la se yon avoka (manm Bawo Eta New York) kit li se yon Kontab Piblik Sètifye (Certified Public Accountant, CPA), ki gen sètifika Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Department of Education), Biwo Metye (Office of the Professions).** Pwofesyonèl ki prepare taks yo dwe fè ou konnen si yo PA yon avoka oswa yon CPA (byenke yo kapab toujou prepare taks ou).

## Ou gen dwa pou resevwa:

- **Yon fotokopi deklarasyon taks ou** ki te prepare nan moman yo te depoze orijinal la oubyen ke yo te ba w pou w soumèt. (Remak: Pwofesyonèl ki prepare taks sou revni w la dwe siyen chak deklarasyon taks sou revni li prepare.)
- **Yon resi detaye** ki endike frè apa pou chak sèvis ak fòm li prepare pou ou. Resi a dwe gen ladan adrès ak nimewo telefòn kote ou ka kontakte pwofesyonèl ki prepare taks la pandan tout ane a.
- **Papye pèsònèl orijinal ou yo ba ou depi ou fè demann lan,** lè li ba ou deklarasyon taks orijinal la (sof si pwofesyonèl ki prepare taks la gen pèmisyon espesyal pou kenbe papye sa yo anba lwa leta).

### Tèm komen yo:

Yo rele Fòmilè 1040 “fòmilè long nan,” tou epi yo rele Fòmilè 1040A “fòmilè kout la” tou. Fòmilè 1040 se fòmilè enpo sou revni federal estanda ki sèvi pou deklare revni brit yon moun. Yo rele li “fòmilè long” nan tou akòz li pi detaye pase Fòmilè Deklarasyon Taks 1040A ak 1040EZ yo. “Anèks C” a se yon fòmilè yo ajoute sou Fòmilè 1040 la dèfw ki sèvi pou deklare revni oswa pèt nan yon biznis ou t ap jere oubyen yon pwofesyon ou te genyen antanke sèl pwopriyete.

Ou ka elijib pou yon **ranbousman** nan men ajans enpo leta oubyen federal yo si ou te peye plis enpo pase sa ou dwe. Fason ki pi rapid pou w jwenn ranbousman w lan se pou w chwazi pou IRS oswa Depatman Enpo ak Finans Eta New York fè **depo dirèk** sou kont anbank ou.

[Kontinye Padèyè >](#)

## ANVAN OU PEYE pou sèvis preparasyon taks, ou gen dwa pou resevwa:

- **Yon estimasyon alekri depans total pou tout frè ki asosye ak chak sèvis** pwofesyonèl ki prepare taks la ofri, tankou frè pou deklawrasyon enpo debaz, to enterè, RAL, RAC, ak frè pou trete Transfè pou Peman Ranbousman an, ak tout lòt frè oswa depans asosye. Epi tou ou ka mande yon estimasyon sou konbyen tan ou kapab espere tann ranbousman ou selon metòd peman ak/oswa livrezon ranbousman ou chwazi yo.
- **Yon estimasyon alekri to enterè** pou yon RAL oswa nenpòt lòt sèvis pwofesyonèl ki prepare taks la ofri.
- **Yon lis alekri ak opsyon ranbousman ak sèvis taks** moun ki prepare taks la ofri.

## Li ilegal pou yon moun ki prepare taks:

- Mande ou pou siyen yon deklarasyon taks ki vid oswa ki pa konplè, oswa chanje yon deklarasyon taks apre ou fin siyen li, san konsantman ou.
- Reklame yon frè dapre kantite taks ou dwe oswa dapre kantite lajan ranbousman ou dwe resevwa.
- Garanti yon sèten kantite lajan pou ranbousman, oswa ba ou garanti kote li fè ou konnen pa gen okenn ajans taks gouvènman k ap kontwole ou.
- Mande kontribyab la pou l deziyen nenpòt pati nan ranbousman an pou pwofesyonèl ki prepare taks la.
- Divigle nenpòt enfòmasyon pèsònèl bay nenpòt moun oswa biznis ki pa oumenm oubyen ki pa yon moun ou deziyen oubyen nenpòt moun ki otorize pou l resevwa enfòmasyon sa a dapre yon manda tribinal oswa lalwa.
- Fè yo voye ranbousman taks ou ba pwofesyonèl ki prepare taks ou, sof si ou te siyen yon dwa pwokirasyon ki gen yon otorizasyon konsa.
- Mande ou pou vyole nenpòt lwa, règ, oswa règleman gouvènman.

## Pran Prekosyon ou avèk Prè anvan Peman Ranbousman (Refund Anticipation Loans, RAL)

- Yon RAL se yon prè ki fèt atravè yon bank ou dwe remèt bank la, epi sa pral bese lajan ranbousman taks sou revni ou a. Kèk RAL gen yon to enterè ki wo anpil. Yon RAL se pa yon “ranbousman imedyà” epi pwofesyonèl ki prepare taks yo pa ka itilize tèm sa yo oswa tèm sanblab (“ranbousman rapid,” “ranbousman ekspès,” “avans kach,” oswa “lajan kach rapid”) ki kache reyalyte a ki endike RAL se yon prè.
- Ou pa gen obligasyon pou pran yon RAL. Pwofesyonèl ki prepare taks yo pa kapab egzije ou pou pran yon RAL oswa yo pa kapab fè ou peye frè anplis frè labank reklame pou yon RAL.
- ANVAN OU PRAN YON RAL, yon pwofesyonèl ki prepare taks dwe ba ou yon fèy papye senp ki fè ou konnen nan lang Anglè oswa Panyòl:
  - ou pa gen obligasyon pou pran yon RAL;
  - RAL se yon prè ou dwe ranbouse kèlkeswa kantite lajan ranbousman taks ou;
  - kantite lajan ou espere nan ranbousman taks ou;
  - frè labank reklame pou RAL ak kantite lajan estime w ap resevwa kòm prè ou;
  - to enterè a ki eksprime kòm to enterè anyèl estime (annual percentage rate, APR) la baze sou kantite tan prè a ap dire, si sa aplikab;
  - dat estime ou ta gen pou resevwa lajan prè ou si ou pran yon RAL; epi
  - dat estime ou ta resevwa ranbousman ou san RAL.
- Si ou pa kapab li Anglè oswa Panyòl, pwofesyonèl ki prepare taks la dwe eksplike ou enfòmasyon sa yo nan yon lang ou konprann.

*Menm RAL ki swadizan “gratis” yo ak lòt pwodwi avans yo ka gen frè. Pa egzanp, RAC ak Transfè Ranbousman yo ka gen yon frè pou anile depans pou peye davans pou preparasyon taks la men apres a yo retire li sou lajan ranbousman ou a. Sonje, ou gen yon dwa pou resevwa yon estimasyon alekri sou total pri pou tout frè pou chak sèvis pwofesyonèl ki prepare taks la ofri, ki gen ladan pwodwi davans, ak kantite tan li pral pran pou ou resevwa lajan ranbousman ou avèk oswa san yon RAL, RAC, oswa Transfè pou Peman Ranbousman, pa bliye mande.*

**Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou pote plen kont yon moun ki ofri sèvis preparasyon taks, rele 311 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca)**



Si revni anyèl ou se \$66.000 oswa mwens, ou ka kalifye pou fè deklarasyon taks gratis atravè **NYC Free Tax Prep** ki ta ka ede ou reklame kredi enpo enpòtan tankou Kredi Taks sou Revni ou Touche (Earned Income Tax Credit, EITC) ak Kredi Taks New York City pou Gadri (New York City Child Care Tax Credit, CCTC). Pou plis enfòmasyon, rele **311** oswa vizite [nyc.gov/taxprep](http://nyc.gov/taxprep)



Bill de Blasio  
Mayor

**Consumer  
Affairs**

Lorelei Salas  
Commissioner

*Depatman Afè Konsomatè NYC (DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominote kap devlope.*